

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Basa mangrupa alat anu dipaké ku unggal jalma pikeun komunikasi, boh lisan boh tulisan. Unggal jalma miboga poténsi anu sarua dina makéna basa. Hiji jalma nyangking basa ngaliwatan prosés anu biasa disebut nyangking jeung pangajaran basa. Kridalaksana (2009, kc. 178) ngadéfinisikeun nyangking basa (*language acquisition*) mangrupa prosés mikaharti jeung ngahasilkeun basa ku manusa ngaliwatan tahapan, ti mimiti ngéjah tepi ka parigelna basa. Ari pangajaran basa (*language learning*) dihartikeun salaku prosés nyangkingna basa ngaliwatan prosés pangajaran.

Basa indung mangrupa basa nu kudu dimumulé, sangkan terus hirup basana. Basa mangrupa cicirén ayana kahirupan di éta daérah. Kiwari geus langka anu maké basa sunda nu merenah boh di kota boh di désa. Panalungtikan saméméhna di Garut ngeunaan kamampuh budak dina ngawasa kandaga kecap méré sawangan yén di Garut ogé loba kénéh budak nu ngagunakeun basa Sunda dicampur ku basa Indonesia.

Budak mimiti maham jeung ngarti kana basa indung, ti mimiti gumelar. Basa indung tangtu kudu dipaké boh ku entranan kolot boh entranan ngora. Ku remen dipaké dina prosés komunikasi budak bakal leuwih maham jeung ngarti kana éta basa. Tapi dina kanyataanana loba entranan ngora hususna budak anu ngagunakeun basa Indonesia sanajan gumelar di tatar Sunda. Salian ti budakna sorangan anu teu maké basa indung aya faktor séjén anu mangaruhan, salah sahijina média nu ngagunakeun basa Indonesia. Aya ogé faktor lingkungan jeung kabiasaan.

Basa Sunda mangrupa salah sahiji basa indung anu panglobana panyaturna. UNESCO dina website galuh-purba.com nétélakeun yén basa indung di Indonesia anu panyaturna leuwih ti sarébu aya 13 daérah salah sahijina basa Sunda, anu aya dina urutan ka 32 jeung jumlah panyatur basa Sunda miboga 27 juta panyatur. Basa hirup ku sabab dipaké lamun teu dipaké tangtu éta basa bakal leungit.

Kiwari geus loba basa indung anu leungit, leungitna basa indung téh lantaran geus langka dipaké ku budak kaasup budak TK. Pikeun ningkatkeun makéna basa indung ka barudak perlu aya tarékah nu tangtu.

Loba cara sangkan budak TK bisa nyangkem kecap sacara babari jeung resep. Salah sahijina ngaliwatan kaulinan barudak, tangtu budak resep jeung leuwih babari nyangkem kecapna. Ku sabab konsép diajar budak TK nyaéta *belajar sambil bermain*. Salian ti budak resep dina kaulinan barudak, sacara teu sadar atawa teu dihaja budak bisa diajar kandaga kecap basa Sunda ngaliwatan rumpaka nu aya dina kaulinan barudak.

Panalungtikan ngeunaan kamampuh budak TK dina ngawasa kandaga kecap téh geus kungsi dilaksanakeun di antarana waé “ Kamampuh Ngawasa Kandaga Kecap Budak Umur 4-5 taun TK Bustanul Athfal Ranting Leuwi Daun Kabupaten Garut” ku (Eva Nurlatifah 2014). Éta panalungtikan ngulik kamampuh budak TK dina ngawasa kandaga kecap basa Sunda.

Ieu panalungtikan ogé ngulik perkara budak TK dina ngawasa kandaga kecap. Tapi aya ogé bédana, nyaéta lebah média nu digunakeun. Ieu panalungtikan nyoko kana kamampuh budak TK dina ngawasa kandaga kecap basa Sunda ngaliwatan kaulinan barudak. Panalungtikan samodél kieu masih perlu dilaksanakeun. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “ Kamampuh Budak TK Ngawasa Kandaga Kecap Dina Kaulinan Barudak di TK Hajjah Multazam Kacamatan Antapani” dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Masalah kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda téh patali jeung rupa-rupa faktor, di antarana waé lingkungan jeung kagiatan hirupna. Patali jeung éta masalah, perlu diidéntifikasi sababaraha hal, nyaéta:

- 1) Budak TK kudu mikawanoh rupa-rupa kaulinan barudak;
- 2) Kaulinan barudak budak TK sacara teu langsung bisa ngahudang kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda; jeung

- 3) Kandaga kecap téh mangrupa gambaran kamampuh makéna basa budak.

Pikeun ngahudang kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda, dina ieu panalungtikan diwatesanan ngan ukur nalungtik kandaga kecap dina genep kaulinan barudak diluyukeun jeung lingkungan sakolana, nyaéta:

- (1) Cingciripit;
- (2) Eundeuk-eundeukan;
- (3) Endog-endogan;
- (4) Oray-orayan;
- (5) Paciwit-ciwit lutung; jeung
- (6) Ucang-ucang angge;

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Sangkan leuwih tétéla, rumusan masalah dina ieu panalungtikan bisa ditepikeun dina wangun pananya ieu di handap.

- a. Naon waé kandaga kecap budak TK Hajjah Multazam nu aya dina kaulinan barudak?
- b. Kumaha warna kecap dasar dina kandaga kecap budak TK nu aya dina kaulinan barudak?
- c. Kumaha kamampuh ngawasa kandaga kecap budak TK nu aya dina kaulinan barudak?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kamampuh ngawasa kandaga kecap budak TK dina kaulinan barudak.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- 1) Kandaga kecap basa Sunda budak TK Hajjah Multazam nu aya dina kaulinan barudak;
- 2) Warna kecap dasar anu dicangking ku budak TK Hajjah Multazam nu aya dina kaulinan barudak; jeung
- 3) Kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda di TK Hajjah Multazam nu aya dina kaulinan barudak.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun pangajaran psikolinguistik jeung leksikologi. Kusabab dina pangajaran psikolinguistik dipedar ngeuna prosés nyangking basa, ogé dina pangajaran leksikologi dipedar ngeunaan kandaga kecap.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan gedé mangpaatna pikeun sababaraha pihak, di antarana waé:

- a. Pikeun guru TK bisa méré pangaweruh anyar dina nyusun matéri ajar;
- b. Pikeun kolot bisa jadi référénsi yén budak TK mangrupa masa budak ngawasa kandaga kecap;
- c. Jadi bahan référénsi panalungtikan proses nyangkingna basa satuluyna; jeung
- d. Pikeun ngaguar kamampuh budak dina nyangkem kecap-kecap basa Sunda.

## **1.5 Struktur Organisasi Tulisan**

Ieu tulisan téh dirancang jadi lima bab. Dina bab I dipedar perkara kasang tukang, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi tulisan.

Dina bab II dipedar tiori anu dipaké dina ieu skripsi, nyaéta perkara basa budak, kandaga kecap jeung kaulinan barudak. Dina perkara basa budak kabagi

deui jadi opat nyaéta fungsi basa, kamekaran basa budak, kompetensi jeung performansi, jeung prosés nyangking basa. Dina perkara kandaga kecap kabagi deui jadi opat nyaéta wangenan kandaga kecap, wanda adegan kandaga kecap, kandaga kecap dasar, jeung kualitas jeung kamampuh kandaga kecap. Dina perkara kaulinan barudak kabagi deui jadi tilu nyaéta wangenan kaulinan barudak, tahapan jeung kamekaran kaulinan, jeung wanda kaulinan.

Dina bab III dipedar perkara desain penelitian, data jeung sumber data, tehnik panalungtikan kabagi deui jadi dua tehnik ngumpulkeun data, jeung tehnik ngolah data. Pamungkas instrumen panalungtikan.

Bab IV dipedar hasil analisis kandaga kecap budak TK Hajjah Multazam Kacamatan Antapani. Kandaga kecap ngawengku kecap pancakaki, babagian awak, gaganti jama, wilangan utama, pagawéan utama, kaaayaan utama jeung barang *universal*.

Pamungkas dina bab V medar kacindekkan tina hasil panalungtikan jeung saran.